



Social Security

Kouman Ou Gen Kredi

2008



An abstract graphic in the background features a large, stylized eagle with its wings spread wide, composed of numerous curved blue and orange lines. The eagle is set against a dark blue background with faint white star outlines. A red diagonal line runs from the top left towards the center. The year "2008" is positioned in the upper right corner of the graphic area.

www.socialsecurity.gov

Kouman Ou Gen Kredi

**Ou ranpli kondisyon pou
benefis Sekirite Sosyal depi ou
gen kredi Sekirite Sosyal lè
ou travay nan yon djòb epi ou
peye taks Sekirite Sosyal.**

Kredi yo baze sou kantite lajan salè ou. Nou itilize istwa travay ou pou detèmine elijiblite ou pou benefis retrèt oswa benefis andikap oswa tou elijiblite fanmi ou pou benefis sivivan lè ou mouri.

Nan lane 2008 la, ou resevwa yon kredi pou chak \$1,050 salè, jiska maksimòm kat (4) kredi pa ane.

Chak ane kantite lajan salè ki nesesè pou ou resevwa yon kredi travay ogmante lejèman pandan nivo salè mwayen yo ap ogmante. Kredi ou genyen yo rete sou dosye Sekirite Sosyal ou menm si ou chanje djòb oswa menm si ou pa genyen salè pou yon ti tan.

Règleman espesyal pou kèk djòb

Gen kèk Règleman espesyal pou genyen pwoteksyon Sekirite Sosyal ki aplike pou kèk kalite travay.

Si ou se yon travayè endepandan, ou gen kredi Sekirite Sosyal menm fason anplwaye yo genyen tou (yon kredi pou chak \$1,050 nan salè nèt ou, men pa plis pase kat kredi chak ane). Règleman espesyal yo aplike si ou gen salè nèt pa an ki mwens pase \$400. Pou plis enfòmasyon, rele nou pou yon kopi gratis *Si Ou Se Yon Travayè Endepandan* (Piblikasyon Nimewo 05-10022-HC).

Si ou nan fòs lame, ou gen kredi Sekirite Sosyal menm jan anplwaye sivil yo genyen tou. Ou ka genyen tou kredi salè adisyonèl nan sèten kondisyon. Pou plis enfòmasyon, rele nou pou yon kopi gratis *Military Service And Social Security (Sèvis Militè Ak Sekirite Sosyal*, Piblikasyon Nimewo 05-10017). Piblikasyon sa-a disponib sèlman nan lang Angle.

Nou genyen règleman espesyal tou sou fason ou gen kredi pou lòt kalite travay. Men kèk pami djòb sa yo—

- Travay nan kay;
- Travay agrikòl; oswa
- Travay pou yon legliz oswa pou òganizasyon ki anba kontwòl legliz ki pa peye taks Sekirite Sosyal.

Rele nou si ou gen yon kesyon konsènan fason ou gen kredi nan djòb ou.

Konbyen tan ou dwe travay pou ranpli kondisyon pou Sekirite Sosyal?

Kantite kredi ou bezwen pou elijib pou benefis yo depann de laj ou ak kalite benefis la.

Benefis Retrèt

Nenpòt moun ki fèt an 1929 oswa annapre bezwen 10 zan travay (40 kredi) pou li elijib pou benefis retrèt. Moun ki fèt anvan 1929 bezwen yon pi piti kantite ane travay.

Benefis Maladi oswa Enfimite

Kantite kredi ou bezwen pou benefis maladi ou enfimite depann de laj ou genyen lè ou vin malad.

- Si ou vin andikape anvan ou gen 24 lane, anjeneral ou bezwen yon ane edmi travay (sis kredi) nan twa (3) ane anvan ou te vin andikape.
- Si ou gen ant 24 a 30 lane, anjeneral ou bezwen kredi pou mwatye tan ant 21 lane ak tan ou te vin malad ou enfim nan.
- Si ou malad oswa enfim a 31 lane oswa plis, anjeneral ou bezwen omwen 20 kredi nan 10 lane imedyatman anvan ou te vin malad oubyen enfim. Tablo ki annapre a montre egzanp konbyen kredi ou ta bezwen si ou te vin malad ou enfim nan divès laj. Tablo sa a pa kouvri tout sitiyasyon yo.

Andikape nan Laj	Kredi ki Nesesè	Kantite Ane Travay
31 jouk 42	20	5
44	22	5 $\frac{1}{2}$
46	24	6
48	26	6 $\frac{1}{2}$
50	28	7
52	30	7 $\frac{1}{2}$
54	32	8
56	34	8 $\frac{1}{2}$
58	36	9
60	38	9 $\frac{1}{2}$
62 oswa plis	40	10

Benefis Sivivan

Lè yon moun ki te kon travay epi paye taks Sekirite Sosyal mouri, sèten manm fanmi li kapab an mezi pou benefis sivivan. Ou bezwen jiska dizan (10) travay pou ou elijib pou benefis, tou depan de ki laj moun nan mouri. Sivivan yon travayè ki mouri trè jèn kapab elijib si travayè ki mouri a te travay yon lane edmi ($1\frac{1}{2}$) pandan twa (3) ane anvan lanmò li.

Sekirite Sosyal sivivann benefis ka paye :

- Yon vèf oswa vèv—tout benefis lè ou gen tout laj retrèt ou, oswa benefis la ap redwi men ou pa elijib avan laj swassantan (60).

- Yon vèf oswa vèv ki malad oubyen enfim nan laj senkantan (50) oswa plis.
- Yon vèf oswa vèv a ninpòt laj ki pran swen ptit moun ki mouri a epi ki pokò gen laj sèzan (16) oubyen ki malad oswa enfim ki ap resevwa benefis Sekirite Sosyal.
- Konjwen divòse ou ka resevwa benefis anba sèten condisyons.
- Timoun ki pa marye ki pi piti ke dizuitan (18), oswa jiska laj dizèfan (19) si yo nan yon lekòl primè ou segondè atanplen. Nan sèten sikonstans, bèlf/bofis, ptit-pitit, oswa timoun ke ou adopte kka jwenn benefis.
- Timoun ki te malad ou enfim avan lag venndezan (22) epi ki rete toujou malad ou enfim.
- Paran ki depandan ki gen laj (62) lane oswa plis.

Kontakte nou si bezwen plis enfòmasyon sou sitiyasyon fanmi ou.

Medicare

Kredi Sekirite Sosyal ou genyen konte tou pou elijiblite ou pou Medicare lè ou rive nan laj swasantsekan (65). Ou ka elijib pou Medicare anvan laj ou si ou jwenn benefis andikap pandan vennkat mwa (24) oswa plis. Depandan oubyen sivivan ou ka elijib tou pou Medicare a 65 lane oswa anvan 65 lane si yo malad oswa enfim. Moun ki gen ensifizans renal pèmanan epi ki bezwen dyaliz oswa yon transplantasyon renal epi moun ki genyen esklewoz lateral amytwofik (Lou Gehrig's disease) ka elijib pou Medicare a nenpòt laj. Si ou ta vle jwenn plis enfòmasyon sou Medicare, rele nou pou mande yon kopi *Medicare* (Piblikasyon Nimewo 05-10043-HC).

Se pa tout kalite travay ki konte pou Sekirite Sosyal

Se pa tout anplwaye k ap travay ki gen pwoteksyon Sekirite Sosyal. Men kèk pamianplwaye sa yo:

- Pifò anplwaye federal yo te anboche anvan 1984 (men depi premye janvye 1983, tout anplwaye federal peye pati asirans lopital Medicare taks Sekirite Sosyal);
- Anplwaye ray tren ki gen plis pase dizan (10) sèvis;
- Anplwaye kèk gouvènman leta ak gouvènman lokal ki chwazi pou yo pa patisipe nan Sekirite Sosyal; oswa
- Timoun ki pokonan gen 21 lane k ap fè travay kay pou yon paran (sof yon timoun dizuitan (18) oswa plis k ap travay nan biznis paran li).

Asire dosye ou yo egzat

Chak ane amplawè ou voye yon kopi fòm W-2 ou (*Wage and Tax Statement—Etadkont Salè ak Taks*) bay Sekirite Sosyal. Sekirite Sosyal konpare non ou ak nimewo Sekirite Sosyal sou fòm W-2 ou avèk dosye nou yo. Lè nou jwenn non ak nimewo ou, salè ou ki endike sou fòm W-2 ou enskri nan dosye salè ou. Dosye salè ou se sa nou itilize pou kalkile si ou ka jwenn benefis a lavni ansanm avèk ki kantite lajan.

Li enpòtan pou non ak nimewo Sekirite Sosyal ki sou kat Sekirite Sosyal ou annamoni avèk dosye pewòl travay ou ak fòm W-2 ou . Si yo pa annamoni, travay ou ka resevwa yon lèt ki soti nan Sekirite Sosyal pou sa. Lèt sa a pa vle di ke travay ou ta dwe chanje djòb

ou, sispann ou pou yon ti tan, revoke ou oswa pran mezi kont ou. Ou dwe korije erè a. Se ou menm ki dwe asire toulède dosye yo kòrèk. Si kat Sekirite Sosyal ou pa kòrèk, kontakte nenpòt biwo Sekirite Sosyal. Fè travay ou konnen si non ou ak nimewo Sekirite Sosyal ou pa kòrèk nan dosye travay la.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tandem oswa ki tandem di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou kapab jwenn yon entèprèt pou w gratis ki pral pran telefòn la oswa ki kapab vini nan biwo lokal nou. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10072-HC
How You Earn Credits (Haitian-Creole)
January 2008